

Kòman Pou Korije Dosye Salè Ou Nan Sekirite Sosyal



Si ou gen omwen 25 lane epi ou travay kote ou peye taks Sekirite Sosyal, ou ta dwe resevwa yon *Social Security Statement (Etadkont Sekirite Sosyal)* chak ane, apeprè twa (3) mwa anvan anivèsè nesans ou. Ou ta dwe verifye *Etadkont* ou avèk atansyon pou asire li prezante egzakteman kantite lajan ou touche chak ane. Kèkfwa, gen salè ki ka pa nan dosye ou. Ou ta dwe verifye *Etadkont* ou tou pou asire ke non ou ak dat nesans ou kòrèk.

Pou kisa li enpòtan pou dosye salè mwen kòrèk?

Kantite lajan benefis Sekirite Sosyal ou menm oswa fanmi ou ka resevwa depann de kantite lajan salè ki endike nan dosye ou. Si tout salè ou touche pa endike nan dosye ou, sa ka diminye benefis Sekirite Sosyal pou ou oswa pou fanmi ou.

Kòman salè ka pa nan dosye mwen?

Si salè ki manke nan dosye Sekirite Sosyal ou se pou ane sa a oswa ane pase, ou pa bezwen enkyete pou sa. Paske salè sa yo resan, nou ka pokò antre yo. Yo ta dwe parèt nan pwochen *Etadkont*.

Men tou, salè yo ka pa nan dosye ou pou ane anvan yo pou youn nan rezon sa yo:

- Travay ou te rapòte salè ou sou yon lòt non oswa yon lòt nimewo Sekirite Sosyal.
- Travay ou te mal rapòte salè ou.
- Ou te marye oswa divòse epi ou te chanje non ou, men ou pa t janm rapòte chanjman yo bay Sekirite Sosyal.
- Ou te travay avèk yon nimewo Sekirite Sosyal
- ki pa t pou ou.

Kisa mwen ta dwe fè si gen salè ki pa manke nan dosye mwen?

Si ou ta dekoutri gen salè ki manke nan dosye ou, premye sa pou ou fè se jwenn kèk prèv pou salè sa yo. Prèv sa a ka:

- Yon fòm W-2 (*Wage and Tax Statement—Salè ak Etadkont Taks*);
- Yon fòm taks;
- Yon souch chèk oswa yon bilten salè;
- Pwòp dosye salè ou; oswa
- Nenpòt dokiman ekri ki montre ou te travay.

Si ou pa ka jwenn okenn dokiman ekri ki montre salè ou; eseye sonje enfòmasyon sa yo epi ekri yo nan ti kanè ou:

- Kote ou te travay;
- Non kote ou te travay la;
- Dat ou te travay yo;
- Konbyen lajan ou te touche; epi
- Non ak nimewo Sekirite Sosyal ou te itilize pou ou te travay.

Kijan Sekirite Sosyal ka ede?

Apre ou fin reyini dokiman ou yo oswa apre ou fin fè yon lis tout enfòmasyon ou ka sonje, kontakte Sekirite Sosyal. Nou ap travay avèk ou pou korije dosye ou. Pwosesis sa a ka pran kèk tan, selon enfòmasyon ou pote ban nou sou salè ki pa nan dosye ou. Nou ka bezwen kontakte kote ou te travay yo oswa nou ka mande ou pou kontakte yo.

Kisa pou mwen fè si mwen pa resevwa yon *Etadkont*?

Si ou pa t resevwa yon *Etadkont*, ou ka mande youn sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov oswa kontakte nou.

(lòt bò a)

Kouman Pou Korije Dosye Salè Ou Nan Sekirite Sosyal

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tandem oswa ki tandem di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl preznan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.